ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№187 (22.845) • 2014 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 18, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къулыкъум хахын папщІэ кандидатурэхэр къыхилъхьащ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лІыкІуэ (законкэ къыдэзыгъэкІ), гъэзэщІакІуэ органхэр къызэгъэпэщынымкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхуэкіэ» 1999 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №184-ФЗ-м и 18-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр хэплъэн папщІэ Урысейм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къулыкъым хахын папщІэ мы къыкІэлъыкІуэ кандидатхэр къыхилъхьащ:

1. КІуэкІуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр.
2. Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуздзэр.
3. Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр.

Я гуращэхэр зэтехуэу

Велихов Евгений и псалъэ

Налшык мы махуэхэм щокІуэкІ Экономикэ, социальнэ советхэмрэ апхуэдэ институтхэмрэ я Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэм я дунейпсо гъэмахуэ школыр (МАЭСССИ). Къэрал 12-м къыкІэ цІыху 50-м нэблагъэ хэтщ абы. Егъэджакіуэ пажэхэм я дерсхэм зэрыщІэсым къыдэкІуэу, абыхэм зыщапльыхь Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ дахэхэм, мэкъумэш, промышленнэ Іуэхуэщ1ап1эхэм я зыужьыкІэр зрагъэлъагъу. ФокІадэм и 16-м щІалэгъуалэр къригъэблагъащ икІи я эмэныр абыхэм купщІафІэу ди щІынальэм щрахьэкІыну екъуэлъ. КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтхэр Іущіащ МАЭСССИ-м и Президент, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм щІыхь зиІэ и секретарь, РАН-м и академик Велихов Евгенийрэ я Іуэхуэщ1ап1эм и секретарь нэхъыщхьэ Бентурини Патрикрэ. Абыхэм къыкагъэщащ Дунейпсо гъэмахуэ школыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуэкІыным ящ ухьэусыгъуэ хуэхъуар абы и дахагъэмрэ щІынальэм щылажьэ жылагъуэ, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я жыджэрагъымрэ къыдзэгъэпэщакІуэхэр зэрыдихьэхар зэрыларар. «Дунейм и планэпэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ мы щІынальэм зыщыгпльыхьыным хэыдэкІуэу, мы зэманым щыІэ Іуэхуэгъэшхэхэм я хэкІыпІэ зэгъуэгъэ къэтлъыхъуэнри ди гуращэхэм ящыщ. Экономикэ, социальнэ советхэмрэ институтхэмрэ я дунейпсо зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІыу фІыщІэ яхузощ1 гуапэу дыкъежьигъэблагъэ бысымхэм, - жиІащ Велиховым. - Дэ тфІэгъэщІэгъуэнщ лъэпкъым и экономикэ, щэнхабзэ, социальнэ Іуэхуэхэр зэрызэфІыхьэр зэдгъэщІэну. Си гугъащ Налшык къеблагъэ щІалэгъуалэмэ апхуэдэ гуращэхэр яІэу, мыбы щагъэкІуэну я махуэхэр гукъинэж ящыхьуну».

Велихов Евгений кІэщІу къытеувыІащ Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэм тхьэмахуэм и кІуэщІкІэ зэпхьрахьну Іуэхугъуэхэм. Псалъэм папщІэ, ахэр тепсэлъыхьнущ къэралхэм зэрыхьзэрий къыщІыщыхъу щхьэусыгъуэхэмрэ ахэр зэрыбгъэзэкІуэжьыф Іэмалхэмрэ, къэхъукъащІэ шынагъэхэм, узыфэ зэрыщІалэхэм, нэгъуэщІ гуэзвэгъуэхэм.

Вентурини Патрик Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм сэлам гуапэ ярика нэужь, и гугъу ищІащ экономикэ зыужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъумрэ мыхьэнэ мынэхъ мащІэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэмрэ.

Мы зэхьхьэм къырхьэлІаХэм ди щІынальэм щыпсэуэхэм я хабзэм, тхыдэм, щэнхабзэм щагъэгъуэзэнущ, ди Іэнщіэльапщіэхэр яхрагъэлъагъунущ. Щыгъуэзэ, дызэрыхьуэкІуэ, фокІадэм и 17-м ахэр щыІащ Сэралъп Мадинэ и творческэ Іуэхущ1ап1эм. Абыхэм хуабжьу ягу ирихьащ адыгэ фащэхэр. Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм теухуа пшыхьым хэущІэхэр къызэзрихьэлІари гуапэщ, сыту жыпІэмэ екІуэкІыну гуфІэгъуэ даудапщэхэм ди лъэпкъым щІэныкъэкІэ ди щІынІэм гулъытэ къыхуэзыщІынухэр нэхъыбэ хьуну.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал Іуэхущ1ап1эхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр догъэбыдэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий Экономикэ, социальнэ советхэмрэ абыхэм яхуэдэ Іуэхущ1ап1эхэмрэ я дунейпсо ассоциацэм и щІалэгъуалэ школым и сессием къыщипсэлъар

ПщІэ зыхуэсщІ зиусхьэнхэ!

Псом япэу хуит сыкъэфщІ фи зэІущІэ лъагэр щевгъэкІуэкІыну Налшык къалэр къыззэрыхэфхам папщІэ фІыщІэ фхуэсщІыну. Апхуэдэ унафэ къызэрыфщтар дэ, зэрыщыту ди республикэм дзыхьыщхуэ къызэрытхуэфщІым и дамыгъэу къыдолъытэ икІи тхуэзэфІэкІ къэдгъэнэнкъым фи лэжьыгъэр тэмэму икІи сэбэпынагъ къыпэкІуэу ефхъэкІын папщІэ.

Псом хуэмыдэу хэхуэу си гуапэу фІэхъус псалъэхэмкІэ захуэгъэзэ Экономикэ, социальнэ советхэмрэ абыхэм яхуэдэ Іуэхущ1ап1эхэмрэ я дунейпсо ассоциацэм и президент, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и академик Велихов Евгений Павел и къуэмрэ я зэгухьэныгъэм и секретарь нэхъыщхьэ зиусхьэн Вентурини Патрикрэ.

Экономикэ, социальнэ советхэмрэ абыхэм яхуэдэ Іуэхущ1ап1эхэмрэ я дунейпсо ассоциацэм и мурадхэр дахэщ, гурыІуэгъэщ икІи ди дежкІэ гунэсщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм къыдгуроІуэ иджырей зэманым зэпІуэзэрыту икІи пІалъэ къэралым кІыхьым тещІыхьауэ зиужьын папщІэ граждан жылагъуэм и къалэн нэхъыщхьэ щІыхьэ зэрыщытыр, сыту жыпІэмэ, граждан жылагъуэм и къалэн нэхъыщхьэр щІыхьэ и зэфІэкІыр къэІэтынырщ икІи ар и лъабжьэу лъэпкъым зегъэужьынырщ. Аращ дэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал Іуэхущ1ап1эхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным икІи егъэфІэкІуэным жыджэру дыщІыгъелажьэр.

Мы зэманым жылагъуэ зэгухьэныгъэу дедеж щатхэкІэр 800-м щІегъу. Апхуэдизэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм, апхуэдэу щыщыткІэ, абыхэм хэт цІыхухэм я зэфІэкІхэр Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщагъэсэбэпынымкІэ хэкІыпІэшхуэхэр ягъуэт.

ФэрыщІагъэу щымыту, властымрэ жылагъуэмрэ тэмэму икІи купщІэ нэс хэлъу зэпсэлъэныкъкІэ, властым и органхэр зэІуахуэ щытынымкІэ иджыпсту лэжьыгъэшхуэ йокІуэкІ. Республикэм и Іэтащхьэм и деж щолажьэ нэхъ пщІэшхуэ зиІэ цІыхухэр хэту къызэрагъэпэща Жылагъуэ советыр. Апхуэдэ советхэр къыщыщэрагъэпэщащ къэрал властым и гъэзэщІакІуэ орган, муниципальнэ зэгухьэныгъэ псоми. Абыхэм хагъэхьащ хьэрычэтыщІэхэм я зэгухьэныгъэхэм, профсоюзхэм, адрей граждан жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм я лІыкІуэхэр. Сэбэпынагъ зыпылъ лэжьыгъэ жыджэру ирагъэкІуэкІ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм, ЩІалэгъуалэ правительствэм. Республикэм и Жылагъуэ палатэм и къалэнхэм апхуэдэу хеубыдэ адрей граждан жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм я лэжьыгъэр гупэтІынри.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Бэлэтокъуэ З. З. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи и Іэщіагъэм зэрыхуэІэзэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр фІэщын **Бэлэтокъуэ Зерэ Зэракъуэ и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хьумэныжмкІэ и министерствэм «Республикэм и сабий клиникэ сымаджэщ» и къэрал бюджет Іуэхущ1ап1эм педиатриемкІэ и къудамэм и сабий дохутырым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм фокІадэм и 15-м
№181-УГ

Копач Евэ премьер-министру игъэуващ

Польшэм и президент Коморовский Бронислав къэралым и премьер-министру игъэуващ Копач Евэ.

Польшэм и парламентым и унафэщІу щыта бзылъхугъэ и пщэ далъхьа къалэным зэрыпэлъэщынум, абы къэрал къулыкъум фІыуэ зэрыхицІыкІым шэч къытрихьэрэкъым Коморовскэм. ПравительствощІэм хэтыну министрхэр къыхихыу абыхэм я цІыхэр мыгувэу кърИуэн хуейщ Копач.

Абы и пэкІэ Польшэм и премьер-министру щыта Туск Дональд, дызэрыщыгъуазэщи, щыщхьэуІум и 30-м хахащ Европэ зэгухьэныгъэм и унафэщІу. Ар и къулыкъум пэрыувэнущ дыгъэгъазэм и 1-м.

Я лэжьыгъэр яфІэкІуэдыным тогузэвыхь

«Эйр-Франс» авиакомпаниер блыщхьэм къыщыщІэдзауэ лажьэркъым. Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, абы игъэзэщІэнур и къалэн рейсхэм я процент 40-рщ.

ЕкІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм ягъэпІейтеныу аращ къэхъулъатэзэхуэхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэр зэтеухуэным пыщІа Іэнатіэхэм пэрытхэмрэ. Забастовкэр тхьэмахуэкІэ ирагъэкІуэкІыну я мурадщ.

Къэралым и правительствэм и унафэщІ Вальс Мануэль ар зи жэрдэмхэм захуигъэзащ, зэрымыарэзыхэр кьагъэнаІуэу зэпсэлъэныгъэхэм щІадзэну къыхуриджэну.

«Уи жагъуэ мэхъу гуп хэха гуэрым - мыбдежым ар кхъухьлъатэзэхуэхэрщ - Іэнатіэ пыухыкІаи и лэжьыгъэр къызэтрагъэзуВыІэрэ цІыху куэд дыдэм я Іуэхур къалъэхъэфу зэрыщытыр. Кхъухьлъатэзехуэхэм я Іэщіагъэм и мыхьэнэр къагъэлъэгъуэну хуейуэ арамэ, абыхэм я пщІэр къэралым зыкІи щехуэхакъым. ЕкІуэкІыну зэхъуэкІныныгъэхэм я зэранкІэ абыхэм я лэжьыгъэр яфІэкІуэдыныкъым, я хэхъуэхэми кІэрыхуэныкъым. Ауэ лэжьыгъэр иджыпсту зэрыщІагъэуар зыкІи и сабэпкъым я компанием. Мис ахэр къагурыІуэн, щытыкІэм къикІын папщІэ кхъухьлъатэкІэ цІыхуэхэр къезышэкІ Іэнатіэмэ ахэр зыгъэлажьэхэмрэ зэмылІэужьыгъэ хьэрыкъымкІ», - жиІащ Вальс.

Я лэжьыгъэр яфІэкІуэдыным тогузэвыхь

«Эйр-Франс» авиакомпаниер блыщхьэм къыщыщІэдзауэ лажьэркъым. Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, абы игъэзэщІэнур и къалэн рейсхэм я процент 40-рщ.

ЕкІуэкІ зэхъуэкІныныгъэхэм ягъэпІейтеныу аращ къэхъулъатэзэхуэхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэр зэтеухуэным пыщІа Іэнатіэхэм пэрытхэмрэ. Забастовкэр тхьэмахуэкІэ ирагъэкІуэкІыну я мурадщ.

Къэралым и правительствэм и унафэщІ Вальс Мануэль ар зи жэрдэмхэм захуигъэзащ, зэрымыарэзыхэр кьагъэнаІуэу зэпсэлъэныгъэхэм щІадзэну къыхуриджэну.

«Уи жагъуэ мэхъу гуп хэха гуэрым - мыбдежым ар

♦**Азербайджаным щагъэлъапІэ лъэпкъ макъамэм и махуэр**
♦**Чили Республикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ**
♦**1934 гъэм** Лъэпкъхэм я Лигэм унафэ кьиущащ а зэгухьэныгъэм СССР-р зэрыхагъэхьэм, абы и советым зэпымыууэ хэтыну ди къэралым и лІыкІуэ зэрыхахьым теухуауэ.
♦**1929 гъэм** СССР-м япэ комбайнхэр, «Коммунар» зыфІащэхэр, къыщІигъэкІыу щІидзащ.
♦Йорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, Хьэшимит къэралыгъуэм и Парламентым и депутату, Амман къалэм и Іэтащхьэу, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Хьэудж (Ехьулэ) Исуф** къызэралъхурэ ильэси 112-рэ ирокъу.
♦ШэрджэсТхакІуэ **Хьэбэчыр БетІал** къызэралъхурэ ильэси 108-рэ ирокъу.
♦КЪР-м и щІыхьэ артистэ **Мэшыкъуэ Фенэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦«Адыгэ пщащэ-2013» дунейпсо зэпеуэм щытекІуа **КІуэкІуэнэ Бэллэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 9 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бжьыхьэпэ уэфІрэ пщы Іупэфіэгъурэ.

Щыхьэт тхылъхэр щратыж

Джэш Вячеслав Къардэн Мурат депутат удостоверенэр иретыж.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеслав Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм хаха депутатхэм я удостоверенэхэр фокІадэм и 16-м Правительствэм и Унэм щаритыжащ.

ЗЭІУЩІЭ гуапэр къыщызэІуихым абы къызэхуэсахэм ягу къитъэкІыжащ хэхьныгъэхэм якъарикІуахэр фокІадэм и 15-м зэрызэхалъхьэжар. Псори зэхэту цІыху 379110-рэ ІэІэтым хэтащ. Ар хэхьпІэ участкэхэм щатхахэм я процент 71,06-рэ мэхъу.

- Абыхэм я проценти 5,10-м АДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм, я процент 0,45-м «Лэжьыгъэ зэгухьэныгъэ» урысейпсо политикэ партым и республикэ къудамэм, я проценти 5,11-м «ЩхъуантІэхэр» Урысей экологие партием и щІынальэ къудамэм, я процент 0,32-м «Урысейм и патриотхэр» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм, я процент 65,28-м «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм, я процент 0,30-м «Яблоко» партым и республикэ къудамэм, я процент 0,37-м «Хэку» политикэ партым и щІынальэ къудамэм, я процент 11,51-м «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и щІынальэ къудамэм, я процент 11,55-м КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм папщІэ Іэ яІэтащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я мандатхэр ялъысащ парти 5-м щыщхэм, жиІащ Джэшым. - ІэІэтхэм якъарикІуам япкъ иткІэ, ахэр мыпхуэдэу зэкІэлъокІуэ:

«Урысей зэкъуэт»-м мандат 50, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей»-м - 8, КПРФ-м - 8, АДПР-м - 2, «ЩхъуантІэхэр» партым - 2. Парти 5-м я телъхьэу цІыху 373613-м Іэ яІэтащ. Ар хэхьныгъэхэм эхтэхэм я процент 98, 55-рэ мэхъу.

Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм хаха депутатхэр КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэкІэ а махуэм зэратхар къыхиГъэщри, дэтхэнэми щыхьэт тхылъхэр яритыжащ, хабзэубзыху лэжьыгъэшхуэм екъуЛэныгъэ щаІэну екъуэхъущ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Республикэм и къалащхьэм и Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щекІуэкІащ «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ зэхуэсыгъуэм и етІуанэ Іыхьэр. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий.

«Урысей зэкъуэтыр» хэхьныгъэм зэрыщытекІуамкІэ йохъуэхъу

Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр делегатхэм ечэнджащащ Парламентыщ1эм и зэхэлъыпхъэу щытыпхэмкІэ, апхуэдэу КъБР-м и Парламентым и Унафэщіым и къулыкъур нэхъ зыхуэгъэфэщапхъэм теухуауэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

«Дэ куэд щІауэ шэрджэскІэ къыдоджэ»

Ди республикэм мы гъэм япэу щагъэлъэпІэнущ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр. Абы зыхуэгъэхьэзырынымрэ махуэшхуэ даудапщэкІэ Іэтауэ егъэкІуэкІынымрэ хуэунэтІауэ яубзыхуахэм ящыщщ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд «Дэ куэд щІауэ шэрджэскІэ къыдоджэ» зыфІища выставкэр, КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъэгъуэнур. Ар нобэ сыхьэт 17-м къызэІуахынущ.

ЕтІуанэ илъэс миным цІэрыІуа хъуа адыгэхэм ятриухуа выставкэр щигъэхьэзырым авторым щІэгъэкъуэн къыхуэхъуащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр.

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд илъэс куэд хъууэ зэхуихьэс сурэтхэм нэмыщІ, абы утыку къыщрахьэнущ адыгэхэм я хьэл-щэныр, хабзэ дахэхэр дуней псом хэІущІыІу щызыщІа цІыху щэджащэхэм, зэчиифІэхэм я зэфІэкІым щыхьэт техъуэ дэфтэр гъэщІегъуэнхэр, тхылъхэр.

Абы теухуауэ фызыщІэупщІэн щыІэмэ, фыпсалъэ хъунущ 77-68-80, 42-56-19 телефонхэм.

Адыгэхэм я махуэшхуэм фыхэт

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, КъБР-м Спортымкіэ, Мэкъумэш хозяйствэмкІэ, Щэнхабзэмкіэ я министерствэхэр я щІэгъэкъуэну къызэрагъэпэща Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм теухуа щэнхабзэ-спорт Іуэхугъуэхэр Налшык ипподромым щрагъэкІуэкІыну.

МАХУЭШХУЭ даудапщэм хохьэ шыгъэжэр, хьэлъэ гъэІэпхъэнэр, Іэпщэ бэнэкІэр, кІапсэ зэпекъур, шахматымкІэ зэпеуэхэр, къъуейплъыжькІэрыщІэр. Гукъыдэж зиІэхэм а Іуэхугъуэхэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуэфынущ, саугъэт зэмылІэужьыгъуэхэм щІэбэну. КъБР-м и щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм ятыну концертым къыззхуэсахэм я гукъыдэжыр къиІэтынущ.

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм хуэгъэпса гуфІэгъуэ зэхьхьэм республикэм щыпсэуэхэр, абы и хьэщІэхэр фыкъыдогъэблагъэ. ЩыщІидзэнур фокІадэм и 20-м сыхьэт 12-рщ.

ГЪЭУНЭ Светланэ,
КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

Республикэм щыпсэухэмрэ ди хьэщІэхэмрэ гу зылъатапхъэ

Адыгэхэм я махуэр зэрагъэлъапІэм теухуа даудапщэхэм хиубыдэу фокІадэм и 20-м Налшык къыщызэІуахынущ Урысейм и къыщыкъуэкІэр щагъэлъэгъуэну выставкэ. Ар щекІуэкІынущ Налшык къалэм Тэрчокъуэм и щІэр зэрихьэу щыІэ уэрамым тет унэ №35-м - «Юго-Западный» сауну центрым и гъэлъэгъуапІэ павильоным.

ЯГЪЭЛЪЭГЪУЭНУ тхьэрыкъуэхэр фокІадэм и 19-м сыхьэт 10-м щегъэжьауэ Іахынущ. Езы выставкэр фокІадэм и 20-м сыхьэт 11-м къызэІуах икІи сыхьэт 18-м нэсыху мэлажьэ. ФокІадэм и 21-ми тхьэрыкъуэхэр сыхьэти 9-м щегъэжьауэ сыхьэт 14-м нэсыху ягъэльэгъэнущ. Абы цІыхухэр пщІэншэу еплъ хъунущ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Урысейм Тхьэрыкъуэ гъэхъунымкІэ и федерацэмрэ я дэІэпыкъуныгъэкІэ выставкэр къызэрагъэпэщащ тхьэрыкъуэ гъэхъунымкІэ «Тэрч» щыІэнэ лъэ жылагъуэ зэгугъэныгъэм.

КъБР-м Печатымрэ щІыхьэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1ап1э.

Фыдогъэблагъэ! • Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизион.
«Ипщэ» гуп
Еянэ джэгуГуэ
«Спартак-Налшык» - «Динамо ГТС» (Ставрополь)
Налшык. «Спартак» стадион.
ФокІадэм и 19. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал Iуэхущ1апIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр догъэбыдэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Республикэмщыгъэтеувазаконхэмрэ адрей хабзэ мардэхэмрэ къызэрагъэпэщ жылагъуэ-къэрал зэдэлэжьэныгъэр тэмэму егъэкIуэкIыныр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм социальнэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр зэфIагъэкIын папщIэ зыхуеину экономикэ, юридическэ, инфраструктурэ, кадр, методикэ Iэмалхэр. Абыхэм ящыщщ «Сатум пымыщIа организацэу социальнэ мурадхэм телажьэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал дэIэпыкъунигъэ щетыным и Iуэхухе» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр, 2015 гъэм нэсыху жылагъуэ-къэрал зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьыныжмкIэ Концепцэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэмрэ щадэлэжьэныр» 2013 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа къэрал программэр.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм гъэ къэс республикэм щрагъэкIуэкI цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным, ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, зи ныбжьыр хэкIуэтахэм, гугъуехь хэхуа цIыхухэм, сабий зеиншэхэм ядэIэпыкъунымкIэ, унагъуэ хабзэ нэхъыфIхэр пхыгъэкIыныжмкIэ, псапащIэ Iуэхухэм зегъэужьыныжмкIэ, хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуныжмкIэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэу пщIы бжыгъэхэр.

Иужьрей илъэсхэм дэ псоми дынэгу щIокI сатум пымыщIа организацэхэм экономикэ, къызэрэпэщыныгъэ, инфраструктурэ IуэхухэмкIэ защIэгъэкъуэным, цIыхубэм я сэбэп хэлъу абыхэм зэфIагъэкIхэр гъэбэгъуэным къэралым и унафэщIхэм, езым и щхьэкIэ Путин Владимир Владимир и къуэм хущI гулъытэм зэрыхэхъуэр, сатум пымыщIа зэгухьэныгъэхэр граждан жылагъуэр зэтегъэувэным и лъабжьэщ. Абы къыхэкIыу дэ Iуэху пыухыкIахэр зэфIыдогъэкI апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм къэрал, муниципальнэ дэIэпыкъунигъэ етыным, ахэр Iуэхум тегъэгушхуэным хуэунэтIауэ. Апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм субсидиехэр хухахын папщIэ гъэ къэс республикэ конкурсхэр ирагъэкIуэкI.

Сатум пымыщIа организацэхэр кIуэтэху нэхъ тэмэму хозагъэ рынокыр зи лъабжьэ экономикэм и иджырей хабзэхэм. Абы къыхэкIыу сатум пымыщIа зэгухьэныгъэхэм я зэфIэкIми хохьуэ.

А псоми кьадэкIуэу къэгъэлъэтуагъэхэщ сатум пымыщIа организацэхэм защIэгъэкъуэным утепсэлъыхь къудейкIэ зэрызэфIэмыкIыр. Абы къыхэкIыу дэ догупсыс къэрал политикэр убзыхуным, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэхэр гъэхьэзырынымрэ къэщтэнымрэ, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, унафэ псори нэсу гъэззщIэным хэтынымкIэ апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм Iэмал нэхъ инхэр къахуэгъэпэща зэрыхъунымрэ.

Дэ ди мурадыр Къэбэрдей-Балъкъэрыр зи экономикэм лъэщу зиужьа, демократиемрэ властыр цIыхубэм яIащIэлъыныжмрэ ятещIыхьа иджырей хабзэхэр щытепщэ, зызыужьа граждан жылагъуэ зэдэщIэ щIыналъэ щIыныщ. Абы папщIэ дэ Правительствэм и унафэм щIэмыт организацэхэм, абыхэм Экономикэ, социальнэ советхэмрэ абыхэм яхуэдэ Iуэхущ1апIэхэмрэ я дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм и лъэныкъуэкIэ зыхуэфбгъэдэн щIымыIэ Iуэхущ1апIэм и гъэмахуэ школ-ри хиубыдэу, дапщIауэ ящIэкIэ дыкIуэтэну дыхьэзырщ.

Тыншыгъуэ псори яIэу

Iимам Абу Хьэнифэ и цIэр зезыхъэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетыр зыхуей хуэза, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэща унэ ягъэIэпхъуащ. Абы иджыблагъэ щыIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий.

ИСЛЪАМ университетыр илъэс 20-м щIигъуауэ здэщыIэр Налшык и Къэбэрдей уэрамым тет, зи ныбжьыр хэкIуэнэрщ. Пэшхэр кьаззремэщIэкIым къыхэкIыу, дерсхэр щрагъэкIуэкIыр куутIкIэ зэпыгъэщхьэхукIа классхэр. ЕджанIэм щIэс студентхэм ират общежитми пэш кьэс цIыху пщIырыпщ щыпсэуи хуей хьурт. Нэхъ ухэзыгъапIэрати, унащхьэм псыр кьыпхъыжырт, унэр зэрагъэплъ бжьамийхэр жьы дыдэти, щIымахуэм пэшхэр кьэхуабэртэкъым. ЕджапIэр апхуэдэ гугъуехьхэм зэрыIууэм дызэрыт илъэсым и бадзэуэгъуэм щыгъуазэ зищIауэ щытащ республикэм и Iэтащхьэм и къаленхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий. Абы щыгъуэм КъБР-м и мурадкIэ Дзасэжь Хьэрэтэлийрэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и ректор Чочаев Шарафутдинрэ республикэм и УнафощIым елъэIуат еджапIэм гулъытэ кьыхуащIыну. Икли республикэм и Iуэхум псынщIэу унафэ щытращIыхьащ - кьатипIIу зэтет унэ университетым хухрагъэхащ. Налшык щIыпIэ администрацэм и нэIэм щIэту ухуакIуэхэм ар хъарзынэу зэрагъэпэщыжащ маззэрэ ныкъуэм кьриубыдэу, зыхуеину псомкIи къызэрагъэпэщащ.

ЕджапIэм и пэшхэр хуитщ, шхапIэ хъарзынэ хэтщ, конференц пэшу тIу, хамэ кьэралыбзэхэр щрагъэджыну класс хэха, библиотекэ иIэщ. ЕджакIуэхэр щыпсэу я пэшхэри зэIуэпэщщ. ТхьэелъэIупIэ зы пэш щыкIум нэхъапэIуэм гъэрыгъэурэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ щыхьэу щытамэ, иджы апхуэдэ гугъуехь ахэр хэтыжкъым. Университетым и унафэщIхэм къыхаГъэщащ теологием теуХуа щIэныгъэ щрат факультетыщIэ къызэIуахыну иджы Iэмал зэрагъуэтам зэрыщыгуфыкIыр. Кавказ Ищхъэрэ Ислъам университетым ныбжьыщIи зэманым ныбжьыщIи 125-рэ щоджэ.

КIуэкIуэ Юрий къыхигъащащ егъэджэныгъэм епха Iуэхухэм псом япэу гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэр, щIэблэр ебгъэджэн и пэкIэ, абыхэм тынышгъуэ кьахуэзгъэпэщын зэрыхуейр. «ЦIыхухэр я гъащIэр ефIэкIуэным илъэскIэрэ пэпльэн хуейкъым. Псори и зэманым зэфIэпхмэ нэхъыфIщ. Нобэ ислъам диным шынагъуэ хэзылъагъуэ щыIэми, апхуэдэ еплъыкIэр зэрыпщIыр къытщIэхъуэ щIэблэм къагурызыгъэIуэфынур Кавказ Ищхъэрэ Ислъам университетым и егъэджакIуэхэмрэ Iимамхэмрэ арауэ къызолъытэ. Дэ дызыхуейр мамырыгъэщ, гуапагъэщ, зым адрейм зэрызыщIагъэкъуэфын къарущ. Къапщтэмэ, сыт хуэдэ динми аращ дыкъызыхуриджэр», - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

Дзасэжь Хьэрэтэлий КъБР-м и Iэтащхьэм и къаленхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм фIыщIэ хуищIащ илъэс куэд щIауэ зыфIамыгъэхьэф я IуэхумкIэ абыхэм закъызэрыщIигъэкъуам папщIэ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● КъБР-м и Правительствэм

Аудит едэIуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Алъуд Юрий фокIадэм и 10-м ирагъэкIуэкIа зэIущIэм Iуэхугъуэ 25-рэ щыгъэпкърахащ.

ЗЭХЬIХЬЭМ нэхъыщхьэу зыщыхэпIахэм ящыщщ мы гъэм и апэ мазихым республикэ бюджетыр гъэззщIа зэрыхъуар.

ФинансхэмкIэ министрым и къаленхэр зыгъэзащIэ Мишковэ Иринэ и отчетым къызэрыхигъэщамкIэ, зи гугъу тщIы зэманым курыубыдэу республикэм бюджетым сом мелард 11-рэ мелуан 582-рэ хуэзщIагъэуIуащ. ХэхъуэхэмкIэ и Iыхьэр ильэсым зытращIыхьам и процент 50-кIэ, хэщIхэмкIэ процент 40,6-кIэ ягъэззщIащ. Сом мелуан 200 кьаIэрымыхьэу къэнащ.

- Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхэнэм ельытауэ, процент 3,4-кIэ нэхъыбэ налогхэм кьапэкIуащ. Ар сом меларди 3-рэ мелуан 817,9-рэ е ильэсым кьапэщIыпэ и процент 37,6-рэ мэхъу. Ауэ налог лIэужьыгъуэхэм хуэзэу кьыхэкIым кIэрыхуащ, псом япэу фадэхэкIхэм я акцихэм техьэр процент 66,3-м нэс ехащ. Налогым хэмыт хэхъуэхэмкIэ республикэ бюджетыр процент 29,5-кIэ ягъэззщIащ, ильэсым кьыхахын хуей сом мелуан 721,4-м щыщу мелуан 212,9-рэ кьаIэрыхьащ. Къэрал мылкыур зэращам зы процент фIэкIа хэхъуэу кьызэрыпэмыкIуар хэхауэ кьыхэгъэщыпхъэщ. Республикэ бюджетым сом меларди 7-рэ мелуан 551,4-рэ хъратащ. Ар мы гъэм хухахынымрэ процент 61,5-рэ мэхъу. Дотацэу сом меларди 5-рэ мелуан 880-рэ, субсидиеу мелуан 314-рэ, субвенцэу мелуан 913-рэ, бюджет зэхуаку трансферту сом мелуан 713,5-рэ къыпIэрыхьащ. Цыху къэс тещIыхьауэ япэ мазихым Къэбэрдей-Балъкъэрым хэхъуэу сом 13493-рэ иIащ. Абыкъэ Урысей Федерацэм 79-нэ урыпIэр щытIыгъ, - жиIащ кьэпсэльым.

Мишковэ Иринэ къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэ бюджетым хэщIхэмкIэ и Iыхьэр сом мелард 11-рэ мелуан 382,2-кIэ ягъэззщIащ. Ар ильэсым зытрахуауэ щытам и процент 40,6-рэ мэхъу. Абы щыщу сом меларди 9-рэ мелуан 983,2-р республикэ бюджетым и хьэкъкIэ къызэрагъэпэщащ, мелардрэ мелуан 399-р федеральнэ бюджетым къыхэкIащ. ХэщIхэм я процент 80,4-р - сом меларди 9-рэ мелуани 147,7-р - социальнэ Iэнатlэхэм хухахащ.

Тепсэльыхьэ нэужь, финансхэмкIэ министрым и къаленхэр зыгъэзащIэм и отчетыр зэдзэрэзыуэ кьащтащ.

Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ министр Мусуков Алий кьыхилъхьэри, зэIущIэм щыхэплъащ республикэм щагъэззащIэ инвестицэ проект инхэм технологиемрэ уасэмрэ пщIыпа аудит едэIуэныгъэхэр щегъэкIуэкIыным теуХуаэу Правительствэм игъэкъэзыра унафэм и проектым. Зэрагъэунэху щыкIэм тету, мы гъэм ахэр полимер кьабзэхэр щагъэхьэзырыну «Этана» заводым, гуэгуашIыкIащIэжьым, хаджэжI кьыщIэчагъащIэхэр щахъумэн папщIэ яуху комплексэм щрагъэкIуэкIынущ. Абыхэм кьарикIуам ипкъ иткIэ, республикэм щагъэззщIэну я мурад инвестицэ проект инхэр зэIуахэу кьызэрапщытэну щыкIэр етIанэгъэ ягъэбелджылынущ.

ЗэIущIэм щедзIащ «2020 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспорт Iэнатlэм зэрызыщижьынур» кьэрал программэм игъэтыну зэхъуэкIыныгъэхэм теуХуаэу транспортымрэ гуэгу хозяйствэмкIэ министрым и къуэдзэ Харченко Юрэ жиIахэм. Абы кьызэригъэлъэгъуаукIэ, Урысей Федерацэм Бюджетымкlэ и кодексым и 179-нэ статьям и етIуанэ Iыхьэм зэрыщыубзыхуам тету, зыхуэфащэ тхыльхэр ягъэхьэзыращ. Аээр ятещIыхьащ 2014 гъэм, апхуэдэу 2015 - 2016 гъэхэм кьэрал программэм хуэзэну мылъкур зэхуэгъэкIуэным. ЗэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, республикэ бюджетым щыщу а Iуэхум хухахым сом мелардрэ мелуан 288-рэ мин 224-рэ дыщIагъунущ. Кьапщтэмэ, «Гуэгу хозяйствэ», «Республикэ шынагъуэншэ», «КъБР-м и жылагъуэ транспортым зэрызиужьынур» программэ гуэдзэхэм хальхьэнущ.

КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэм япэщIытыным, абыхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыкыным я Iэнатlэр зэрыхуэщIам зэхуэсахэр хигъэгъуэза нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и МЧС-м и унафэщI Надежин Михаил къытеувыIащ гъубж кIуам и пщыхьщхьэм уэ щIэту кьепща жьышхуэр зэран зыхуэхъуа социальнэ псэуалъэхэр зэгъэпэщыжьыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIэн.

НэгъуэщI Iуэкугъэхэми щыхэпльа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и вице-премьерхэу Уянаев Казым, Марьяш Иринэ, кьалэ, районадминистрацэхэм я Iэтащхьэхэр, кьэрал комитетхэм я унафэщIхэр, ирагъэблагъэ кьулыкъущIэхэр.

АРУАН Алий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм фокIадэм и 16-м *Налшык къалэ* *№99/1-5*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр хэхыным кьрикIуаХэм ятеухуауэ 2014 гъэм фокIадэм и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм итха протоколым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит кьхъужьар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятхам етыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2014 гъэм фокIадэм и 15-м кьищта унафэ №98/2-5-м япкъ иткIэ икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхукlэ» 2008 гъэм шыщхьэIуIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-Р3-м и 68-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр цIыху 70 хъууэ тхын (спискэр мы унафэм щIыгъущ).

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату ятхахэм зэрыхахкамкIэ удостоверенэхэр етын.

3. Мы унафэр цIыхубз хъыбареГащIэ Iуэхущ1апIэхэм къытрегъэдэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ I **ДЖЭШ Вячеслав**
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь **АТМУРЗАЕВЭ Иринэ**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2014 гъэм фокIадэм и 16-м къыдигъэкIа унафэ №99/1-5-м и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату ятхахэр

ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ

1. Гриневич Валерий Владислав и къуэр
2. Гемуев Калет Юсуф и къуэр

«ЩхъуантIэхэр» Урысей экологие партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыIэ

1. Щхьэгъэпсо Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр
2. Шевченкэ Александр Василий и къуэр

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ

1. Боттаев Хьэдис Баттал и къуэр
2. Киреевэ Надеждэ Валерий и пхъур
3. Нэгъуей Риммэ Артагъ и пхъур
4. Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэр
5. Бозий Натбий Мухьмилэ и къуэр
6. Канунниковэ Татьянэ Георгий и пхъур
7. Бечеловэ Людмилэ Музэфар и пхъур
8. Афэщ Iагъуэ Михаил Хьэлым и къуэр
9. Нэзрэн Бесльэн Мухьэмэд и къуэр
10. Къарэмырзэ Барэсбий Сулимэн и къуэр
11. Мэлбахьуэ Борис Хьэмидбий и къуэр
12. Кривко Михаил Николай и къуэр
13. Саенкэ Татьянэ Виктор и пхъур
14. Ульбашев Мухьэрбий Магомед и къуэр
15. Текlушэ Артур Александр и къуэр
16. Мокаев Кемал Абука и къуэр
17. ЗекIуэрей Алим Мухьэмэд и къуэр
18. Егоровэ Татьянэ Борис и пхъур
19. Пэнагуэ Максим Азэмэтджэрий и къуэр
20. Берд Хьэрэталий Александр и къуэр
21. Маккаев Махъты Хьэсэн и къуэр
22. Iэпщэ Заур Борис и къуэр
23. Рахаев Анатолий Измаил и къуэр
24. Карныш Сергей Александр и къуэр
25. Бердюжэ Владимир Иван и къуэр
26. Мовсисян Грант Олег и къуэр
27. Мэремыкъуэ Арсен Iэмин и къуэр
28. Костин Андрей Анатолий и къуэр
29. Кьудалы Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэр
30. Ячный Игорь Владимир и къуэр
31. Марьяш Нинэ Сергей и пхъур
32. Афэщ Iыж Юрий Сэфарбий и къуэр
33. Тау Ритэ Руслан и пхъур
34. Тхьэгъэлэдж Тимур Лалушэ и къуэр
35. МахуэлI Азэмэт Хьэзрэталий и къуэр
36. Азычэ Азэмэт Хьэдган и къуэр
37. Щэныбэ Хьэжысмел Рашид и къуэр
38. Тараев Игорь Владимир и къуэр
39. ЛIэужь Адэлбий Билол и къуэр
40. Бгъэжьнокъуэ Зурият Мухьэмэд и пхъур
41. Хочуев Рэмэзан Ибрэхьим и къуэр
42. Абазэ Артур СултIан и къуэр
43. Коротких Ольгэ Алексей и пхъур
44. Вындыжь Чэрим Хьэмидбий и къуэр
45. Шондыр Олег Лиуан и къуэр
46. Кьардэн Мурат Наусбий и къуэр
47. Наводничий Георгий Виталий и къуэр
48. Залиханов Елдар Михаил и къуэр
49. Гугу Владимир Рашад и къуэр
50. Хьущт Асльэнбэч Виталий и къуэр

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыIэ

1. Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэр
2. Дадэ МуIэед Алий и къуэр
3. Войтов Алексей Иван и къуэр
4. Азычэ Светланэ Хьэдган и пхъур
5. Сэкрэк Владимир Хьусен и къуэр
6. Сумаев Ахъмэт Хьэрун и къуэр
7. Бирюк Александр Сергей и къуэр
8. Настаев Алисулътан Магомед и къуэр

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ

1. Пащты Борис СулътIан и къуэр
2. Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэр
3. Попов Виктор Сергей и къуэр
4. Кьанэмэт Замир Хьэчим и къуэр
5. Кьумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр
6. Хасаитовэ Лизэ Лакъумэн и пхъур
7. Байдаев Далхат Магомед и къуэр
8. Дзэмыкъ Къасболэт ФIыцIэ и къуэр

Лэжьыгъэм зэрехьулIар къапщытэ

● ЗэIущIэхэр

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ щекIуэкIащ 2014 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр, узыншагъэр егъэфIэкIуэныр кьызэгъэпэщыным епхауэ лажьэ республикэ комиссэм Iуэхур зэрекIуэкIар кьыщипщытэж зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Марьяш Иринэ, республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт, Сабийхэм я хуитыныгъэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щIэ Iуэгъуэ Светланэ сымэ.

- САБИЙХЭМ я зыгъэпсэхугъуэр, узыншагъэр егъэфIэкIуэныжмкIэ Iуэхугъуэ псори гъэззщIа - хуущ, - жиIащ Марьяш Иринэ. - УФ-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэмрэ зэпэщыныгъэмрэ кIэлъыплъныжмкIэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщI Поповэ Аннэ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьызэрызэрагъэпэщам щыхэплъэж зэIущIэм кьыщыхигъэщащ а кьаленэр тэмэму зыгъэззщIахэм ди республикэр зэрращыщыр. Апхуэдэу щытми, ныкъусаныгъэ гуэрхэри щыIэщ икIи ахэр етIанэгъэ Iуэхум кьызэрыхэдмыгъэхьэным дыхущIэкъун хуейщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, санитар хабзэхэр мызэ-мытIэу кьызэпаудащ, ауэ нэхъыщхьэращи, узыфэ зэрыщIалэ кьыщыхъея, сабийхэм щхьныр щемызэгъа кьэхуакъым. Иджы адэкIэ дэ кьытпэщылъщ 2015 гъэм а лэжьыгъэр зэредгъэхьэкIыну щыкIэр убзыхуныр. Абы и лъэныкъуэкIэ гулъытэ зэхуэтщIыпхъэхэм ящыщщ Iуэхущ1апIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэм зегъэужьыныр.

Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** и гугъу ищIащ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр кьызэгъэпэщыныр, узыншагъэрегъэфIэкIуэныр зэрекIуэкIам. Абы и псалъэхэм кьызэрыхэщамкIэ, Iуэхум трагъэкIуэдзну хухахащ сом мелуан 205-м нэблагъэ. Абы щыщу сом мелуан 35-р федеральнэ бюджетым кьыхэкIащ. Сабийхэм зыщагъэпсэху икIи я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж Iуэхущ1апIэу 59-м ныбжьыщIэ 10.639-рэ щыIащ. Сабий 200-м нэблагъэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжащ Кьрым Республикэм. Псом хуэмыдэу гулъытэ хуащIащ унагъуэ зэпыщIалхэм кьыхэкIа ныбжьыщIэхэм а лъэхъэнэр щхьэпагъ пылъу кьахуэзгъэпэщыным.

Сабийхэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж Iуэхущ1апIэхэм санитар хабзэхэр кьызэпаудауэ кьызэрыщIагъэщам тепсэлъыхьащ УФ-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэмрэ зэпэщыныгъэмрэ кIэлъыплъныжмкIэ и федеральнэ Iуэхущ1апIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къаленхэр зыгъэзащIэ **Бэракъ Ринат**. ТкIийуэ кьапщытахэм ящыщщ я шхыныр зэрахьумэр, псы зэфэр зыхуэдэр, медицинэ пэщIэр къызэрызэгъэпэщащ. Апхуэдэу Бэракъым жиIащ санитар хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрагъуэтар икIи Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм абыхэм нэхъ куууэ зыщагъэгъуаззу, я лэжьыгъэр абы тету кьызэрызэрагъэпэщыным кьыхуриджащ.

Я нэIэм щIэт Iуэхущ1апIэхэр зэрылэжьам, зыIууа гугъуехьхэм, лъэхъэнэр нэхъыфIу кьызэгъэпэщыным зэрепльыр кьагъэлъагъуэу зэIущIэм кьыщыпсэпащ. «Налшык» курортым и унафэщI **Кьаскъул Владимир**, «Къэбалъкъальпинист» ОАО-м и Iэтащхьэм и къуэдзэ **ТхьэгъэпсэУ Светланэ**, Дзэлыкъуэ район администрацэм и тхьэмадзм и къуэдзэ **Дзэхъушокъуэ Исмэхьил** сымэ.

- Сабийхэм дахуэсакъыныр псоми ди зэхуэдэ кьаленщ, - жиIащ зэIущIэм и кIэм Марьяш Иринэ. - Согугъэ дызыхуэкIуэ лъэхъэнэм ар сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу едгъэкIуэкIыну, абы папщIэ иджыпсту щыщIэдзауэ Iуэхум зыхуэдгъэхьэзырын хуейщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Цыху цІэрыІуэхэр

Мажейкэ и дерсхэр

Къэрал 70 зэзыгъэлъэгъуа журналист цІэрыІэущ. «Время», «Взгляд» нэтынхэр иІэс куэдкІэ езыгъэкІуэкІа. Европэм, США-м. Африкэм лэжьыгъэ гъэщІэгъуэныщхэр щытезыха цІыху хьэлэмэтщ иджыблагъэ Налышк махуитКІэ щыхьэщІар. Мажейкэ Кипрас и цІэр апхуэдизкІэ жыжьэ Іуащи, ар ноби дерсхэр итыну щыналъэ куэдым ирагъэблагъэ, езыри фІэфІ дыдэу цІыхум яхэтщ, щІалэгъуалэм ядолажьэ.

КИПРАС Налшык етІуанэу къокІуэ. 2012 гъэми абы ди журналист ныбжьыщІэхэм чэнджэщ хъарзынэхэр ядаритауэ, щІэ куэдым хигъэгъуэзауэ щытащ.

Мыгъэрей зэІуущІэр щыззохиублэм, Мажейкэ игу кьигъэкІыжащ зы псалъэжь - «Уи гур щыпсэхуа щІыпІэм етІуанэу тумыгъэзэж» жыхуаІэр. АрщхьэкІэ, ар абы зэрыльэмыкІар къыхигъэщащ, Налшык къызэригъэзэжар зэригуапэр жиІащ. Журналистым фЫщІэ ихуищІащ къезыгъэблагъэхэм, КъБР-м Печатымрэ цІыхубз коммуникацэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Дроздов Игорь, щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, нэгъуэщІхэми.

Ящэ махуэм Мажейкэ Кипрас яІущащ телерадиожурналистхэм, КъБКъУ-м гъуазджэхэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и факультетым щеджэхэм. ЩІалэгъуалэм ягъэщІэгъащ ар къызыхэкІа унагъуэм къащыхутепсэлъыхьам. Абы и адэр оперэ узрэджыкІуэ цІэрыІуэт, и анэри драмэ театрым и актрисэт, и шыпхъуэ Утёсов Леонид и оркестрым хэту уэрэд жиІэу щытащ, и къуэш закъуэм гъуазджэр иджыт. Кипрас езым и лъагъуэ хишьжащ, кьыхиха ІэщІагъэми, езым зэрыжиІэмкІэ, нобэр кьыздэсым иринасыпхфІэщ. Ар Литвам щыщу Москва дэсхэм я зэгугьэныгъэм и унафэщІщ, Лъэпкъхэм я совет Москва и Правительствэм деж щыІэм, Лъэпкъхэм я унэ хьалащхьэм дэтым и жылагъуэ советым хэтщ. Мыпхуэдэ ехъулІэныгъэхэр журналистым дежкІэ мащІэкъым. Мажейкэ Кипрас ящыщ захуагъэр псалъэкІэ къэралым щыізэтебухуэфыну къызэлъытэхэм. Абы дежкІэ псалъэр къаруш.

Ар тепсэлъыхьащ газетхэр, журналхэр, телевиденэр 1970 гъэхэм къэралым зэрыщылажьэу щытам, нобэ я Іуэху зыІутым, къэрал университетхэм я лажьэкІэм, улахуэ тыкІэм, лъэпкъ зэхущытыкІэхэм, нэгъуэщІ куэдми. Кипрас къыхихэщащ Урысейм щыпсэухэм щылналъэ цІыкІухэм (Кавказ Ищхьэрэм и республикохэр щапхъэу кьиухащ) я щыІэкІэ-псэукІэм хэщыкІыщхьэу зэрыщымыІэр, ар гъэзэкІуэжыным теухуауэ журналистхэм, псом хэмыдэу, тележурналистхэм, хуей закъуэмэ, куэд зэрахузэфІэкІыну. «Ущыпсэу щІыналъэм и лъэпкъхэр пцІыхун хуейщ, я хабзэм пщІэ хэщІыпхъэщ», - жиІащ абы. Мызэ-мытІэу Мажейкэ кьытеувыІащ журналистхэр мы зэманым зэрагъэхьэзыр методикэр куэд щІауэ жьы зэрыхуэм, мы лъэхъэнэм кьезэгъыу тхыльхэр кьыдэгъэкІын зэрыкъуейм.

Лекцэ «гъущэ» мыхъуу, махуитКІэ купщІафІэу журналистхэр зэдзуэрщэращ. КъБКъУ-м и еджакІуэхэр еплъащ Кипрас Австралием, Европэм, нэгъуэщІ щІыналъэхэми щигъэхьэзырауэ щыта и нэтынхэм. Мажейкэ дэтхэнэ пычыгъуэми кьытеувыІэрэ, къигъэсэбэпа Іэмалхэм зэхэщІыкІыгъуэу тепсэлъыхьыр, гу зылъымытэн Іэзыгъуэхэми мыхьэнэ яриту. НыбжьыщІэхэр куэдым щІэупщІащ икІи абыхэм я жэуап эзхэхащ.

ІэщІагъэлІэр хэпльащ КъБКъУ-м Гъуазджэхэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и факультетым и студентхэм траха лжьэгъуэхэм.

Адэкіи Мажейкэ Кипрас гъуэгуанэ кьыпэщылъщ, Къэзахьстаным щыпсэу журналист ныбжьыщІэхэр абы и дерсхэм кьыпоплъэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ягухэр яхъумэну къыхураджэ

● Узыншагъэ

ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Уи гур хъумэІэ фІэщыгъэм щІэту медицинэ чэнджэщхэр щат Іуэху щхьэпэ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и Кардиологие центрым и дохутырхэм сыхьэтищым кьриубыдэу цІыху 70-м щІигъум я узыншагъэр къащытащ.

КАРДИОЛОГИЕ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Щапсыгъ Оксанэ зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ Іуэхум сэбэпынагъашхуэ пылъ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ закъыхуэзыгъэзэжэм я нэхъыбэм гу зыльфэхэр яІэми, поликлиникэм мыкІуэу апхуэдэхэр.

Іуэху щхьэпэм хэтащ медицинэ щІэныгъэхэм я кандидатхэу, гум еІэзэ ІэщІагъэлІхэу Батыр Заурбэч, Жанатаевэ Людмилэ, Тхьэгъэлэдж Заремэ сымэ. Дохутырхэр цІыхухэм зыкъызэрыхуагъазэм едэІуащ, дэтхэнэми я узышагъэр зэрахъумэжыным теухуа ужэмкІэщхэр иратащ. Апхуэдэу зи узыфэр нэхъ хэтІэсауэ къахутахэм я узышагъэр кууу кьащІыгъэ папщІэ Кардиоцентрым ягъэкІуащ.

А махуэм налшыдахэсхэм ягу кьагъэкІыжащ инфаркт, инсульт узыфэ щынагъуэхэм зэрызыщахъумэфыну щІыкІэр. Псом япэрауэ, тутын ефэныр хьфІэдэн, нэхъыбэрэ кьэІухьын хуейщ, ущхэкъуэнри узышагъэмкІэ зэранщ, апхуэдэу уи ерыскьыгъуэм хадэхэкІхэмрэ пхъащхьэмыщхьэхэмрэ куэду хэгъэхьапхъащ. ЦІыхум и нэкІуэ зихъуэжамэ, и Іэхэм кьару яхэмылъымэ, и псэлъэкІэр нэгъуэщІ хъуамэ, псынщІэу дохутырым зыхуэгъэзэн хуейуэ аращ икІи нэхъ щІэхьыу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ игъуэтмэ, узым кьыІэщІыкІынымкІэ Іэмал нэхъыбэ щыІэщ.

Зи узышагъэр кьащытха, зи гум кардиограммэ траха дэтхэнэ зыми иратащ медицинэ чэнджэщхэр зэрыт тхыгъэрэ гу теплъэ иІэу гъэпца шаррэ.

КъБР-м Узышагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапи Іэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Къэхъугъэхэр

Шекспир Толстойм деж къэкІуат

Британ Советыр и щІэгъэкъуэну ПечатымкІэ федеральнэ агентствэм къызэригъэпэща зэІущІэм ипкъ иткІэ, Инджылызым щыщ тхакІуэ гуп ди къэралым щыхьэщІащ. Инджылызым, Шотландием, Ирландием щыщ тхакІуэхэр тхьэмахуэм и кІуэщІкІэ зэІущІэ зэмылЫжьыгъуэхэм, зэпсалъэныгъэхэм хэтащ. ТхакІуэ, сурэтыщІ цІэрыІуэхэм я щІапІэжьхэм кІуэурэ зрагъэлъэгъуащ, лекцэ щхьэпэхэм кьеджащ. Уеблэмэ, абыхэм Чеховым и гъуэлъыпІэри зрагъэлъагъун яхуэзэфІэкІащ.

МЫПХУЭДЭ «зекІуэхэр» нэхъапэми кьызэрагъэпэщат. 2010 гъэм франджы тхакІуэхэр зэпэщІыкІэ Москва кІуэри итІанэ Владивостокк Іэ ящэнтІащ. 2013 гъэм итальян тхакІуэхэм Толстойр, Тургеневыр, Бунинрэ щалъхуа, щыпсэуа щІыпІэхэр зрагъэлъэгъуауэ щытащ. Британием кьикІа хьэщІэхэм я гъуэгуанэр нэхъ гъэщІэгъуэныж хъуат - ахэр Абрамцевэ, Мурановэ, Мелиховэ, Поленовэ жылэхэм, нэгъуэщІ куэдми щыІэну хунэсащ.

Иджы абыхэм Урысейм теухуауэ нэхъыбэ ящІэ. Академик, Оксфордрэ Кембриджрэ тхыдэмкІэ я профессор, Тэтчер Маргарет и тэнджэщэгъуэу щыта Стоун Норман 1990 гъэм «НэгъуэщІ Урысей» фІэщыгъэм щІэту тхыльэ кьыдигъэкІауэ щытащ хэкум икІа урысхэм ятеухуауэ. Урысейм и тхыдэм тетхыльакІ Кариб щІыналъэм щкІуэкІ кризисым ехьэлІауэ тхылъ кьыдэзыгъэкІа Александрэ фон Танзельман. Апхуэдэу Урысейм щыІащ Пинтер Гарольд и Іыхьлыхэр, Фрейзер Флорэ и гъащІэр кьызэрекІуэкІар зи Іэдакъэ кьыщІэкІа тхакІуэр, литературэ агент Дэйруэзер Наташэ, ар илъэсиплІкІэ ди къэралым щыпсэуащ икІи уэрсэру урысыбзэр ещІэ. Пащтыхь литературэ зэгуэхьныгъэм хэт Шекспир Николас зигъэщІагъуэу жиІэжащ абы и ятэ тхыгъэхэм щыщ 1973 гъэм кьыдэкІа «Известия» газетым кьызэрыридзауэ щытар: «Нобэр кьызэсым а тхыгъэр си бльным ФІэдэуэ фІэльщ», - жеІэ Шекспир.

ТхакІуэхэм ехъемыжьэ щЫкІэ жраІат, ди къэралым дунейм щІэх-щІэхьыуэ зэрызыщихъуэжьыр, щыгъын хуабэ кьызэрыздащтапхъэр. Абы и жэуапу Рейчер Холмс кьыхигъэщащ Инджылызым исхэм жьаурэ щыгъын хуабэрэ ямыІыгъуу кьызэрамыкІухьыр.

Мелиховэ нэса тхакІуэхэм Чеховым и жыг хадэ дахащэм зыщагъэпсэхуащ. «Си щхьэкІэ Чеховым и хьэпІыщІхэмрэ абы и гъащІэм щыщ Іыхьэхэмрэ апхуэдэу срІэгъэщІагъэнкъымэ», - жеІэ тхылъ кьыдэзыгъэкІ Интагент Кэмпбел Дэвид. - Абы и Іэрыгтхэр арыншэуи кьыбгурыІуэфынущ. КуэдкІэ нэхъ гъэщІэгъэнщ махуэ кьэс ильагъуэ, зыІупльэу щытахэр уи нэгу щІэкІыныр, и жыг хадэм уисынур, уеблэмэ абыхэм езы Чеховыр щыпсэуам хасахэри хэтынкІэ мэхъу. Дэвид и Іуэху епльыкІэр диІыгъщ Фрейзер Флорэ: «Тхыдэм зи цІэр кьыхэна цІыхушхэхэм я гъащІэм и кьеКІуэкІыкІар щыбджкІэ мыхьэнэ зимыІэ щыІэкъым. Хуабжьу гъэщІэгъуэнщ Наполеон ПащІэу щыщІэпхъуэжам щыгъахэм уаІупльэну. Ахэр зэрыбэуа хьэуар зыхэпщІэныр».

Поленовэ деж британ хьэщІэхэм шэджагъуашхэкІэ къащыпежьащ. Абдежым хьэщІэхэм ящыщ куэдым урыс ерыскьыгъуэхэр япэу яІухуауэ аращ. ШІхынэкІхэр щІэщыгъуэ ящыхъуауэ хьэщІэхэр абыхэм я пщэфІыкІэм іПащІэу щІэупщІэрт.

Шекспир Николас кьызэрыхигъэщамкІэ, Поленовым и сурэт гъэтІылъыгъэхэм кьагъэлъагъуэ урыс сурэтыщІхэр дунейпсо гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхэу хуэзэщІыфхэу зэрыщытар.

Ежьэжьи и пэ кьихуэу абыхэм Ока зыщагъэпсэКІри, адэкІэ пщыхьэщхьэхуэкІуэ хъуауэ Тарусэ нэсат. Автобусым ису щыкІуэм экскурсыр езыгъэкІуэкІым Цветаевэ Маринэ и усэ зэдзкІауэ кьеджэн щІидзати, хьэщІэхэм ар зэрытха бзэмкІэ нэхъ кьащтэу урысыбзэкІэ кьыпрагъэщащ. ТхакІуэхэр Ясная Поляна щІыпІэм зэрынэсу я хьэпшыпхэр зыІэпагъэхури, Толстойм и унэр пІащІэу зэпалпъхьыхьыр щІадзат.

Британхэр Урысейм и нобэм нэхъри и блэкІам нэхъ щыгъуазэщ. Иджырей тхакІуэхэм елъытауэ, абыхэм нэхъапэм щыІахэр нэхъ яцІыху, нэхъыфІуи яльагъу. Иджы абыхэм, тхыгъэ кьудейкІэ мыхьуу, я нэкІэ зрагъэльэгъуащ тхакІуэхэр зыгетхыхьа щІыпІэхэр.

«Урысейм уи щхьэр щыкІэрахъуэ зэпытщ», - жиІащ щекьэжьим Шекспир.

МАНАЕВ Георгий.
«РГ».

Къулыкъущ Іэ Іуэхуншэхэр «яутІыпщыж»

● Жэрдэм

УФ-м ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэр дяпкІэ щыІэжьнукъым. А Іуэхум тепсэлъыхьащ Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Премьер-министр Медведев Дмитрийрэ.

ПРАВИЛЬСТВЭМ и Унафэщ Іым кьыхихьа жэрдэмымкІэ Президентыр акъылэгъу хъуащ. ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм илэжьу щытахэр нэгъуэщІ Іуэхущ Іапі Іэхэм кьалэн щищІащ кьулыкъущІэхэм я бжьыгъэр процент 10-кІэ гъэмэщІэным теухуауэ я Іуэху епльыкІэхэр ягъэнэІуэну. Премьерым кьызэрилъытэмкІэ, кьэралым и аппаратыр зэщІэкъуауэ, жьыдэру щытын хуейщ. Абы кьыхэкІыу ягъэмэщІэнхэм хиубыдэнущ щІыналъэ кьулыкъущІэхэри федеральнэхэри. Нэхъ ипэкІи федеральнэ кьулыкъущІэхэм я бжьыгъэр процент 50-кІэ гъэмэщІэн гупсысэр кьыхилъхьауэ щытащ ФедерацэмкІэ Советым и Унафэщ Матвиенкэ Валентинэ. А жэрдэмыр хэзгъэзауэ щытащ ФинансэмкІэ министерствэм.

Кьэрал кьулыкъущІэхэр куэдыщэ зэрыхъуам мыззмытІэу тепсэлъыхьащ Путин Владимир. ЛІыщхьэхэм я бжьыгъэр зягъэмащІи хуэдэщ, ауэ щыхъукІи, абыхэм трагъэкІуадэ мыпкър нэхъхьбэ хъу зэпытщ. Куэд щІауэ гу гъэтащ: дагщэри гъэмащІа кьэрал аппаратыр, «къэгъэгъэжыр», министрэмрэ федеральнэ агентствэхэм я унафэщІхэмрэ я къуэдзэкъэпэ нэхъри куэд хъурт.

Захъуэжьыфыну пІэрэ урысей бюрократэм? ИкІэмикІэжьым нэхъыщхьэр къэралым кьулыкъущІэу исым я бжьыгъэхьым (федеральнэ кьулыкъущІэхэм я бжьыгъэкІэ Урысейр кьакІэроху Европэм США-ми). Нэхъыщхьэр бюрократэм я зэфІэкІкІэ здынэсырщ, къэрал Іуэхутхьбзэхэм я фІагъырщ. Къэрал аппаратым и лэжьэкІэр кьыпхузхутэнущ паспортхэр, справкэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрагъэхьэзыр щыкІэхэмкІэ. Пэпэщу пІэрэ абы кьулыкъущІэхэр?

Правительствэм и Іэнатіэ лейхэр лъэныкъуэ ирагъэзыным хуэкІуэн и пэ кьихуэу, къэрал аппаратыр гъэбыдэнымкІэ нэгъуэщІ зы Іуэху епльыкІи кьыхилъхьащ сенатор Пысков Анатолий: Къэрал Думэм, Федерацэмкіэ Советым, Правительствэм, Конституцэ судым, Суд Нэхъыщхьэм щыІэр кьулыкъуэм пэрытну щцыхуит ныбжьым хэгъэхьэн хуейуэ. А Іэмалыр сэбэп хъуну кьелъытэ щІэныгъэлІ акъылыфІэхэр хъумэныкІэ. Депутатхэри сенаторхэри абыкІэ арэзыщ. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкІэ Іуэхур кьыхалъхьами, кьулыкъум пэрытхэр лэжьэну хуит кьэзыщІ ныбжьым хэгъэхьэныр Іэмал хъар зынэщ. Сыту жыІэмэ, къэрал кьулыкъум сыт щыгъуи хуэунэмщ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэр. ЩІэныгъэлІ нэхъ зыхуэмыкьыр министр Іэнатіэхэм я закъуэкъым, муниципалитетэми унафэщІ Іэзэхэр щыгъуэтыгъуейщ. Ауэ щыхъукІи ноби кьулыкъу зэрагъэшІыр совет номенклатурэм тетущ.

Зэман зэмылІэужьыгъуэхэм кьэрал унафэщІу щытахэр аппаративнэ зэхъуэкІыныгъэхэр я кьызэрагъэпэщыным иужь итащ. Апхуэдэ кьалэн зыхуигъэзыважащ Путин Владимир. Президентым кьелъытэ аппарат мыхъумыщІэм кьэралыр ильхъэжу. Ауэ щапхъэхэм зэрахэтІагъуэмкІэ, кьэрал аппаратыр зэи яхуэмыхьуэж гуэрщ. Ар ягъэмащІэну иужь зэрихьэу, нэхъри мэбагъуэ. Апхуэдэщ Правительствэм и зэхэтыкІэрэ. МинистерствэщІэхэр кьызэрыщІыкІ сэбэпынагъ пылъу пхагъэкІыф. Зэман докІри, абыхэм зэрагъэнІэ кьащІу кьыщІедзыж.

ВЫЖУТОВИЧ Валерий.
«Российская газета»

● ЕГЭ

Компьютерым «дэуэршэрынущ»

2015 гъэм хамэ къэралыбзэхэмкІэ экзаменхэм щІэуэ къахьхьэнущ жьэрыІуатэу жэуап щатыну Іыхьэр. Ныбжьыщ Іэхэр хуитщ ар ятынуми ямытынуми, ауэ арыншауэ ЕГЭ-м я предметымкІэ балли 100 щыпхуэзэхуэхьэсынукъым. ЖьэрыІуатэу ятыну жэуапым хухах балл 20, ятхым - процент 80.

- ХАМЭ къэралыбзэхэмкІэ ятыну экзаменыр махуитЫм тедгуэшэнущ,- жиІащ «Рособрнадзор»-м Егъэджэныгъэм и фІагъыр кьэхутэныкІэ и управленэм и унафэщІ Егоровэ Юлие. - Я щІэныгъэр здынэсыр япэщІыкІэ тхыгъэкІэ кьагъэльэгъуэнущ. КъыкІэлъыкІуэ махуэм жьэрыІуатэу жэуап ятынущ.

ЕтІуанэ Іыхьэм экзаменыр кьеІызыхьынур компьютерырщ. Экраным упщІэ-лэжьыгъэхэр кьытридзэнущ, абы жэуап иратынущ микрофонкІэ. Компьютерым и упщІипІ Іам зэману трагъэкІуэдэну зыхуитар дакьикъэ 15-щ.

- Ныбжьыщ Іэхэр хамэ къэралыбзэкІэ зэрыпсалъэр дгъэунэхуну аращ: ар кьащыхуэсэбэпыжьын Іуэхугъуэ иригъэувэнкІэ хъунущ гъащІэм, - жиІащ ЩІэныгъэ зэІухамкІэ Москва дэт институтым и кафедрэм и унафэщІ Махмурян Каринэ.

КОНЮХОВЭ Ксение.
«Комсомольская правда»

● ФщІэн папщІэ

Сыт турист фирмэхэр щІыззхущІыжьыр?

Абы ехьэлІауэ Іэщ Іагъэлэхэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ кьагъэльагъуэ:

♦ Евроэмрэ долларымрэ ельытауэ сомыр пуд хъуащ, кьапщтэмэ, ди къэралым и экономикэм щІыхуэхэм ахъшэ нэхъ мащІэу зэрагъэкІуэдыныбж кьыхуредж. Ди къэралым исым я нэхъыбэм я дежкІэ хамэ къэралхэм зыщагъэпсэхуныр кьулеигъэу кьалъытэ.

♦ Политикэ щытыкІэрэ псори кьызызыхар. Туриндустрием и урысейпсо зэгухьэныгъэм и пресс-секретарь Тюринэ Иринэ зэрыжиІамкІэ, щІыхуэм я нэхъыбэр виззэхэм санкцэ тралъхьэнкІэ зэрыхъунум щоышнэ. Ауэ кьыжьІапэхъущ виззэхэр яту зэрыщыта хабзэм иджыри зэрытетыр. Языныкъуэхэм загъэпагэри Европэм кІуэн ядэрэкьым: абыхэм дэ кьыштпэув санкцэхэр кьыдагъэкІ, я абыхэм я дежкІэ зыщыдгъэпсэхун хуейуэ ара? - жиІащ ар.

♦ ІэщІагъэлІхэм кьызэрагъэльэгъуамкІэ, Европэм зыгъэпсэхуакІуэ кІуэхэм я бжьыгъэр процент 20-30-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Иджы ди цІыхухэр нэхъыбэу Тыркум, Мысырым, Таиландым кІуэн щІадзащ, ди къэралым зыщыдгъэпсэхухэм я бжьыгъэмрэ процент 25-кІэ хэхъуащ. Хабзэхъэмэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм къэралым икІыну зэрыплъубыдэр туркомпаниехэм я цІыхухэр процени 8-10-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

♦ Псо дыдэр мыхъуми, Урысейм щылажьэ турист компаниехэм я нэхъыбэр зэрыпсэур кредитущ. Абыхэм зы цІыхухэм кьыкІэлъыкІуэу адрейр кьыІах. Кредитыр къратын зэрызэпагъэууэ, авиакомпаниием и лэжьыгъэр зэтриГъэувыІэн хуей мэхъу.

«Комсомольская правда».

Планэпэр зыгъэхьэзырар Нэщ Іэпыдж Замирэщ

● Къэралхэр

Великобританиемрэ Шотландиемрэ я Іуэхур нобэ зэхокІ

Шотландиер къыгуэкІмэ, Великобританием фІэкІуэдынущ щыдагъэр, фІамыщІыр, газыр. Шотландиер щыхьэхуит хъунымкІэ мыарзэшхэм я бжьыгъэр референдумыр щекІуэкІынум и пэ махуэхэм нэхъыбэ хъуащ, автономие щхьэхуэ хъуну хуэнайэм зэрыщІ.

Иужьрей бжьыгъэхэм кьызэрагъэльэгъуамкІэ, щхьэхуэ хъуну хуейхэм я бжьыгъэр процент 48-рэ мэхъу, ар зыфІэмыкъабылхэр процент 52-рэ ирокъу. Кьэралыр Лондон и юридикцэм кьызэкІыным теухуа референдумыр нобэ екІуэкІынущ. Шотландием и щхьэхуитныгъэм папщІэ нэхъыбэм абы Іэ щаІэтмэ, 2016 гъэм гъатхэпэм и 24-м къэралитІыр хамэ зэхуэхъунущ.

Шотландиер Великобританием къыгуэкІмэ, етІуанэм фІэкІуэдынкІэ хъунум топсэлъыхьх «АиФ» газетыр.

Бжьыгъэхэм кьагъэлъагъуэ

Шотландием цІыху мелуани 5,3-рэ щопсэу (ар Пащтыхьыгъуэ Зэгуэтым исым я процент 8,5-рэ мэхъу). Кьэралым и ВВП-м и процентэ 10-р зыгъэзащІэр Шотландиерауэ. А кьэрал цІыкІур зытес щІыр километр зэбгъуэзнатІэ 78772-рэ мэхъу (Великобританиер зэрыщыту км 243809-рэ).

Щ Іыдагъэмрэ газымрэ

Шотландием Ищхьэрэ тенджызым щІыдагъэрэ газрэ щикуэдщ. Кьапщтэмэ, Великобританием щІыдагъэ кьыщыщІащ и щІыпІэхэм я процент 85-р здэщыІэр Шотландиеращ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, адрей кьыщІащІэхэм нэмыщІ, Ищхьэрэ тенджызыр кьыщІонэ «дыщэ фІыщІэ» баррель мелард 24-рэ, ар ильэс 30-40 хуэдизкІэ кьыпхудэшеину аращ.

Ауэ щыхъукІи, кьэралым и инфраструктурэр махэ зэрыхъуам щхьэкІэ, щы щІагъэм кьыщІаш дагъэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу.

Фіамыщ І

Шотландием и кьухьэпІэ лъэныкъуэм кьыщыщІадзауэ кьуэкІыпІэм нэс екІуэкІыу фІамыщІ куэд щІэлъщ. Апхуэдэ гъэтІылъыгъуэ яІэр тонн мелард 13, 5-м нос.

НэгъуэщІ хъугъуэфІыгъуэхэр

Шотландием кьыщагъуэтащ уран кьыщІэшыпІэ; пшахъуэ хужь кьабзэ (ахэращ абдж нэхъыфІхэр кьызыхащыкІыр); ухуэныгъэм кьыщагъэсэбэп материалхэмрэ ахэр кьызыхащыкІ хэмрэ; апхуэдэуи зы ильэсым кьриубыдэу слюда тонн мини 5, кремнезём тонн 200, альмандин гранату тонн мин.

КьищынэмыщІауэ, Шотландием кьыщІегъэкІ цы, данэ, щэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр. Дунейпсо затущІанІэхэм фІыуэ щащІыху абы кьыщІигъэкІ маркэхэу Bluebellgray и Eribe. Аэр щащІ Абердин, Глазго кьалэхэм. Фэр-Айл шотландие хьтІыгур цІэрыІуэщ кьыщІигъэкІ цыджанэхэмкІэ, абы нэхъыбэу елэжьыр цІыхубзхэращ.

Бдзэжьей

Шотландием и хьтІыгухэр бдзэжьейкІэ бейщ. А къэралым щыІэ тенджызым бдзэжьей зэмылІэужьыгъуэу ящІ 250-рэ хэсщ. Шотландием и аквакультурер я унэу жыпІэ хъунущ дуней псом хьыкъуэрэ джейуэ тетым я Іыхьэ щанэм. Европэм щынэхъ ин дыдэ сёмгэр зыхэсыр шотланд псыхэращ, ахэр лІэужьыгъуэ 400 мэхъу. Брессей хьтІыгум щолажьэ бдзэжьей хьэжьІгъэ хъыщІэзыгъэжІ фабрикэр, аращ абы щыпсэу цІыхухэм Іэнатіэ яхуэхъур.

Скалловей щыІэ «North Atlantic Fisheries College Marine Centre» колледжым бдзэжьей промышленностым щыхурагъадж.

Промышленность

Шотланд промышленностым и нэхъыбэр кьалэ нэхъ ин зыбжанэм щызэтеухуащ - Эдинбург, Глазго... А щыналъэхэм кьыщІагъэкІ Land Rover, Rolls-Royce машинэ псынщІэхэр. КьищынэмыщІауэ, авиакосмическэ промышленностыр зыхуей хуэгъэззэнымкІэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэ ехьэлІэнымкІэ Шотландием кьытекІуэн щІэкъым.

Автономием и Кьухьэпі Іэ лъэныкъуэм щызэрагъэпэщыж British Airways, Polar Air Cargo, Woodward, GE Caledonian, Ryanair и Goodrich Corporation кхъухьлъатэхэр. Электрон промышленностми щыбдыд увыпІэр щыкІуэкъым: мы къэралым компьютерхэр кьыщІегъэкІ, абыхэм я программэхэри зэхетхьэф. Шотландием нэгъуэщІ къэралхэм ярищэм и процент 50-р электроникэращ.

АНУШЕВСКАЯ Анастасие.
«Аргументы и факты».

Я лэжьыгъэр къапщытэжу, тхыдэми дыхагъэгъуазэу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм зэуэ гъэлъэгъуэныгъитI къыщызэIуахащ. Iуэхущ1апIэм и пэщыIшхэр зыхухахар ди республикам и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт художникэхущ. Абыхэм я илъэс лэжьыгъэр къапщытэж. Ялъ дунейпсо зауэр къызэрыхъейрэ мы гъэм илъэси 100 зэрырикъум теухуа гъэлъэгъуэныгъэм музейм и пэш щ1ыкIур хухахащ.

ЛЪЭПКЪ музейм и унафэщI Накуэ Феликс ялъ къыщызэIуихым гъэлъэгъуэныгъэхэм я мыхьэнэм кIэщIу къытеувыIэри, псалъэ щэнхабзэмкIэ министр **Къумахуэ Мухьэдин** иритащ.

- Езы гъэлъэгъуэныгъэр зэрыгъэщIэгъуэным, зэрыщхъуэкIэплъыкIэм, зэрыщIэщыгъуэм къыдэкIуэу, иджыри зы Iэхэу гуапэм гу лъыстащ. Налшык и сурэтыщI пашэхэу нэгъэщI щ1ыпIэхэр псэупIэ зыхуэхэр зэгъэуосу зы зэIуIэм щ1ытIаг1уну куэдрэ къытхуихуэрэ дэ?! КIыщ Мухьэдин, Пащты Герман, СэвкIуий Хьэмид, апхуэдэуи сурэтыщI нэхъыжьхэу Тхьэкlумашэ Михаил, Пlаз Александр... - жиIащ Къумахуэм. – Иджыри сызыгъэгушхуэ зы Iэхэу: гъунэгъу республикэхэм лжьыгъэ Iэужкlэ сыкIуа иужь, я музейхэм си лъэ нэсхусыну, абы щIэлъ хьэпшыпхэр, сурэтхэр зэзгъэпльагъуну сытым дежи сыпыльщ. Гу зылъыстаэу шэч лъэпкъ кIэзыбтезмыхьэу схужьIэнуращи, ди сурэтыщIхэм зэчий ин ябгъэдэлъщ, зы мэскъалкIэ нэхъ лъахъшэ ящI мыхъуну, лъагапIэ хьарзынэ яIыгъщ. Апхуэдэу дапэкIи щытыну, псори къаходзэплъей мыхъумэ, зыхудэплъей щымыIэу лэжьэнхэу си гуапэщ.

Къабгъэдэкl хъуэхъу псалъэкIэ кIыхьуэсэхэм зыхуагъаззэу, я гупылъщ. Гу зылъыстаэу шэч лъэпкъ кIэзыбтезмыхьэу скужьIэнуращи, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгуэхьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ Темыркъан Геннадий, ди республикэм и цIыхубз сурэтыщI ТхьэкIумашэ Михаил, УФ-м и цIыхубз сурэтыщI Пащты Герман, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и членкорреспондент СэвкIуий Хьэмид, Урысейм и цIыхубз Iэпщ1эльэлпщ1э Пlаз Александр, нэгъэущIхэри.

Гъэльэгъуэныгъэм щ1ыбольагъу живопись, графикэ, скульптурэ лэжьыгъэхэу, декоративно-прикладной гъэзэджэм щ1ыщ Iэдакъэщ1экIэу пщ1ы бжьгъэхэр. Дэтхэнэ зыми пльэмыкIыу узыIэпешэ, дакъикъэ бжьыгъэкIэ укъамыутIыпщ1ыжу зы щ1ыпIэм и деж ущ1ыззтрАIыгъэ. Жьпlэнуракъэ, сурэтыщ1ым къыгъэщ1ым зы мэгъу къару гуэр хэлъым е езы щ1ыхум нэщ1ыпхъуэ иIыгъми ярейщ. Дауэ щ1ымытми, лэжьыгъэу хъуам дахагъэрэ нэхугъэу къапкърыкIым укъызэщIалэтэ, узыщ1ыщ лъэпкъми укъыщ1алъхуа щ1ыналъэми пщ1эшхуэ хууагъэщ1у, уи щхьэр лъагэу уагъэльагъуж.

Адэкlэ дунэтIащ музейм и пэш щ1ыкIумкIэ. Абы и блынэм, щ1ыгъуэа дапхъэхэм щ1ыбольагъу зы лэщ1ыгъуэ и пэкIэ Налшык и тепльэу щ1ытар, и уэрамхэр къэзыгъэльагъуэ сурэтхэр, картэ зэмылIэужьыгъуэхэр, Ялъ дунейпсо зауэм лIыгъэшхуэ щ1ызезыхьа Кавказ шуудзэм хэта зауэлI хахуэхэр, тхыдэм уризыгъэпльэж сурэт куэд. Апхуэдэ зауэ щ1ыIауи зымыщ1э куэд щ1алэгъуалэм зэрахэтыр къэпльытэмэ, мы Iэльэгъуэныгъэр зауэ зимыIэщ. Ди щ1ынальэм щ1ыпсэу льэпкъхэм я блэкIам щ1ыщ Iыхьэм, я щхьэ кърикIуа куэдым, я зэфIэкI щагъэльэгъуа лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэхэм я зы налъэщ Ялъ дунейпсо зауэрм, абы щ1алэгъуалэр щ1ыгъуазэмэ нэхъыфIщ1.

ИСТЭПАН Залинэ.

Урысей Федерацэм, Европэм, дуней псом бэнэкIэ хуитымкIэ я чемпион, Олимп Джэгухэм жэз медалыр къыщ1ызыхьа адыгэ щ1алэ ц1эрыIуэ Махуэ Билал утыку къыззрихьэжынум хуабжьу дыщ1эхъуэпсу илъэситIым щ1игъукIэ дыпэплъащ. А зэманым къриубыдэу абы и фэбжь псори игъэхъужащ икIи дунейпсо чемпионатым хуэдэ зэхьэзэхуэ иным занщ1эу хэхуами, медаль Iэщ1эльу къыхэкIыжащ.

ФОКIАДЭМ и 8 - 4 махуэхэм Ташкент щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым и пэ къикIуэу къэIуа хъыбарыр куэдым яфIэтельыджащ - Махуэ Билал абы хэтыIнущ... алыджурым бэнэкIэмкIэ. А Iуэхум теухуауэ фокIадэм и 6-м ди газетым тхыгъэ тетащ («Махуэ Билал утыку къохьэж») икIи абы къытедгъэзэжынкъым. Абы щыгъуэми къыхэдгъэщ1ынщи, куэд дыдэ яфIэхьэлэмэту кIэлъыплъащ бэнэкIэ хуитымкIэ щ1нейрэ дунейпсо чемпион ди лъахъгъум алыдж-урым бэнэкIэм щ1ыхуэзэфIэкIыинур здынэсым.

Ташкент щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм хыхьэн папщIэ Махуэм лъэныкъуэ иригъэзэн хуей хъыщ1 Урысей Федерацэм и щ1ыхьыр а хьэпльэгъымкIэ зыхъумэну къызытехуэ Ильницкий Виталий, Паршин Василий, Щур Виталий сымэ. Ди къэралым и командэ къыхэхэм и тренерхэм ахэр Билал къарагъбэнащ икIи ди лъахэгъуэ хэпщIыкIыну зэрыпэхъ лъэщыр щ1альэгъум, дунейпсо чемпионатым кIуэну дзыхь ирагъэзащ.

ИльэситIым щ1игъукIэ зэхьэзэхуэ лъэпкъ хэмыта Махуэ Билал и зэфIэкI лъагэкIэ зыщ1ыпIи зэрымыкIуар япэ дыдэ зэIуIэм щ1игъэльэгъуащ. Японием къикIа Сонодэ Аратэ зэман кIэщ1ым абы тридзащ. Куржым щ1ыщ Каджаи Якоби куэдрэ къыпэ-щ1этыфакъым икIи 10:2-уэ я зэпэщ1этынныгъэр ихуащ. Билал нэхъ гугъу езыгъэхьар Ойрен Йонас Магнус швед щ1алэрщ. Арщхьэкlэ абыи ефIэкIри, финал ныкъуэм нэсащ.

Адэкlэ Махуэм и хьэрхуэрэгъур дуней псом плIэнейрэ и чемпион, Олимп Джэгухэм тIэунейрэ щытекIуа Кубэм щ1ыщ Лопес Михайт. Зэпэщ1этныгъэр хуабжьу гуащ1эт. ТIуми текIуэныгъэр яхуэфащэт. Арщхьэкlэ Билал и нык1уэкъуэгъур зы мэскъалкIэ къефIэкIащ икIи 1:0-у къытекIуащ. ИужькIэ финалми щытекIуэри, Лопес етхуанэу дунейпсо чемпион хъуащ.

Жэз медалым папщIэ иужькIэ адыгэ щ1алэм къыпэщ1эува, Германием къикIа Попп Эдуард и пIэм ивэну зыри хуейуэ къыщ1экIынтэкъым. Дыщэр зэрыщ1эщ1экIам игъэгубжьа Махуэ Билал абы щ1ыщ къыхинаныр икIи 9:0-у зэман кIэщ1 дыдэм хигъэщ1ащ.

УФ-м Спорт бэнэкIэмкIэ и федерацэм и президент, Олимп чемпион Мамиашвили Михаил абы дэрэжэгъуэ ин къызэрыритар и нэгум кIыщырт: «Зыми и жагъуэ сщ1ынэу сыхуейкъым, ауэ дэтхэнэ зы бэнэкIуэми Махуэ Билал щапхъэ трихыну сыхуейщ, - жиIащ абы. - Ар Ташкент чемпион щ1ыхуэкъым, ауэ зэхьэзэхуэм текIуауэ кIыхэкIыжащ. Махуэм къигъэлъэгъуащ къанэ щ1ымыIэу зэпеуэм уи къару зэрызэплъхьэну щ1ыкIэр! Абы зыри хуэзфIэмыкIыжину зи гугъахэр я напэр текIауэ къэнащ - Билал дригушхуэу, лIы хуэдэу утыку къикьэжащ. И узыншагъэр пэлъэщмэ, 2016 гъэм екIуэкIыну Олимп Джэгухэм я медалхэм ар зэрыщ1эбэныным шэч къытехьэркъым. Махуэ Билал хъапльэным хуэдэщ икIи бэнэкIэ хуитми алыдж-урым бэнэкIэми зэхуэдэу лъэщу щобанэ. Ар дэнэ къыщыдгъэсэбэпынуми, тIуми хэдгъэзытыныр дегупсысынущ».

И гъэсэныр и ехъулIэныгъэм тепсэлъыхьащ абы и тренер Къардэн Анзори».

- Дыщэпс зытегъэлъэда жэз медалщ нобэ Билал къыхьар, - жиIащ абы. - И дамэм игъэтэ фэбжьыр Махуэм зэман кIыхькIэ икIи гугъу ехьу игъэхъужащ. Альдж-урым бэнэкIэм хьыхьэри, абы хэтхэр бэлыхь хидзащ. Ташкент щекIуэкIа чемпионатым къигъэлъэгъащ Махуэ Билал ехьулIэныгъэкIэ къызэригъэзэжар икIи бэнэкIэ лIэужьыгъуитIми къыщыплъэщыну дуней псом куэд зэрытемытыр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Дыщэпс зытегъэлъэда жэз медаль

● Хъыбар гуапэ

Республикэм футболымкIэ и мыгъэрей чемпионатым я хьэрхуэрэгъуэхэм топищэ щ1ыхудагъэкIащ «Къэхъунымрэ» «Автозапчасть»-мрэ. Ар абыхэм зэгъусэу джэгуным блэкIам зрагъэхъулIащ.

● Футбол

Топищэм щхьэпрыкIахэр

«КЪЭХЪУНМИ» «Автозапчасть»-ми я топищэхэр нэгъуэщI стадионхэм щ1ыдагъэкIащ икIи абы ехьулIэныгъэхэр къахуихьащ. Ялъэ Зеикъуэ щ1ыIэу «Шагъдийм» ефIэкIащ, етIуанэр Аргудан къуажэм «Бедик»-м щ1ытекIуащ. Бахьсэндэсхэм я гъуащхьауэ Къалмыкъыр а зэIуIэм пIэнейрэ къыщ1ыхэжаныкIри, Шащ1эм («Къэхъун») нэхъ гъунэгъу зыхуищ1ащ. Иджы ар абы къыщ1эрыкIэрыхужыр топ 11-щ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щ1ызыубыда «Кэнжэр» хуабжьу гугъу ехьащ и пашэныгъэр зы1эщ1ымыгъэкIын папщIэ. Арщхьэкlэ и къару псори зэщ1игъэуIуэри, «Союз»-м Налшык щ1ыпэлъэщащ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, джэгугъуэ блэкIам зэIущ1ит1 щекIуэкIакъым. Абы щ1ыгъуэми, «Анзорей»-р зыкъом щ1ауэ зэхьэзэхуэм хэмытыжми, гуп нэхъыщхьэм къыхэнэну иджыри Iэмал зиIэ «Прохладнэр» Бабугент щ1эмыкIуар гурыIуэгъуэкъым. Хэт ищ1эн, махуищ ипэкIэ «Тэрчым» бжьгъэщ1эхуэкIэ къыззрыхигъэщ1ар абы хэтхэм я гум хъыбауэ пIэрэ?

Иджы щ1игъуазэ фыхуэт-щ1эгъуэ блэкIам зэIущ1ит1 щекIуэкIакъым. Абы щ1ыгъуэми, «Анзорей»-р зыкъом щ1ауэ зэхьэзэхуэм хэмытыжми, гуп нэхъыщхьэм къыхэнэну иджыри Iэмал зиIэ «Прохладнэр» Бабугент щ1эмыкIуар гурыIуэгъуэкъым. Хэт ищ1эн, махуищ ипэкIэ «Тэрчым» бжьгъэщ1эхуэкIэ къыззрыхигъэщ1ар абы хэтхэм я гум хъыбауэ пIэрэ?

Иджы щ1игъуазэ фыхуэт-

«Къэхъун» (Къэхъун) - **1:3**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - «Прохладнэ» - **3:0**, **«Союз»** (Налшык) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **3:4**, **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **3:2**, **«Анзорей»** (Анзорей) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **0:3**, **«Нарт»** (Нарт-къалэ) - **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхьэрэ) - **2:2**.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Кэнжэ»	26	23	1	2	90-25	70
2. «Автозапчасть»	26	22	2	2	101-29	68
3. «Къэхъун»	25	16	1	8	102-47	49
4. «Союз»	24	15	1	8	90-54	46
5. «Велес»	25	13	3	9	51-56	42
6. «Тэрч»	23	13	3	7	58-45	42
7. «Нарт»	26	12	5	9	78-63	41
8. «ЛогоВАЗ»	26	12	2	12	55-56	38
9. «Спартак-Д»	25	11	3	11	64-51	36
10. «Бедик»	26	10	2	14	66-79	32
11. «Къэбэрдей»	26	9	4	13	50-57	31
12. «Бахьсэн»	25	9	1	15	53-62	28
13. «Iэдихуу»	25	7	3	15	45-90	24
14. «Шагъдий»	25	6	6	13	40-53	24
15. «Шэджэм-2»	25	5	5	15	38-88	20
16. «Прохладнэ»	26	5	3	18	45-115	18
17. «Анзорей»	26	4	1	21	41-97	13

ФIыкIэ ягу къагъэкIыж

● Фэеплъ

Дэтхэнэ зыми Тхьэм къыхуиухащ зы гъащIэ гуэр, ауэ ар зэрыхъур дапхуэдизми зыми къыбжиIэфынукъым. Псом хуэмыдэу цIыхур узыншэмэ, и ныбжьри щIалэмэ, лIэныгъэм хэт пэплъэр? Уфiкiи, уiейкiи, щIалагъкiи къоплъыркъым ар - къэсамэ, зэшззэпIэщ.

ПЩIЭРЭ нэмысрэ я зэхуакъ дэлъу зэдзпсэурт Зеикъуэ къуажэм щыщ Шэрхъэ Толэрэ Ларисэрэ, хъыджэбз цIыкIуи зэдагъэтауэ, унагъуэ насыпыфIэм и щапхъэт ахэр. Ауэ абыхэм я насыпыр кIыхьэкъым: и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирилъэ и къудейуэ ар Ларисэ дунейм щ1ехьжам. А бзылъхугъэр зыцIыку дэтхэнэми, шэч хэмылъу, игу щIыхьат апхуэдэ гуаузр.

Ларисэ хуэарэзыт зыхьыхьа Шэрхъэ я унагъуэри къызыхэкIа Щомахуэ лъэпкъри. Ар пхъу гумащIэу, нысэ бзэ Iэфiу зэрыщытар сыт щыгъуи ягу къагъэкIыж. ЦIыху жьыджэт икIи гумызагъэт, зыпэрыт егъэджакIуэ Iэщ1агъэми гупсэхуу бгъэдэтт. Ищ1эр фIэмащ1эу, цIыхухэм защимыгъэнщ1у зэрыщ1тымкIэ къэтщIэн хуеят абы гъащIэ кIыхь зэримыIэнур», - жаIэрт и благъэ-Iыхьлыхэм.

Ларисэ псоми фIыщ1эу тлъагъурт. Сэ сринысэу арати, къэкIуэжа нэужь, ди сабийхэм дахэ яжриIэрт, ахэр зэригъэгуфIэным хущIэкъурт, жьлIэнуракъэ, зыкъытщIегъэнщ1ыртэкъым. Апхуэдизу Iэфiагъ зыдэтлъэгъуа си пщыпхъу гумащIэр къызэрытхэмытыжыр, дауи, хуабжьу зыхыдощIэ. Анэм и Iэфiыр нэсу зыхэзышыщIа, абы и жьауэр псынщIэу зыщ1ыкъэщ1кIа ипхъу Маринэ щ1ыкIу дыIупльэхукIэ, ди нэпсхэм къызэпежьых. Анэм къымыгъэщIар Тхьэм къыхупищ ди хъыджэбз дыгъэм.

«Адыгэ псалъэ» газетыр къэдгъэсэбэпу, дыхуейт Ларисэ дахэ теухуа ди гущ1ыIэхэр къэдгъэльэгъуну.

Къуильэфащ уи дыгъэр,
пшагъуэщ уи дыщ пщIантIэр,
Дуней хьэхур ббгынэри, укIуэжащ ахърэтым,
Уэ къытебна нурыр мыункIыфIыж зэпыту,
Уи хъыджэбз Маринэ Тхьэм хуигъабла куэдрэ.

ЩОМАХУЭ Аминэ.

«Уэр папщIэ, егъэджакIуэ» фIэщыгъэм щIэту Налшык къыщ1ыдэкIащ адыгабзэм ирилажьэ егъэджакIуэхэм къахуэщхьэпэн методикэ тхылъ.

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМ и къарумрэ абы ехьэлIа дерсхэр купщIафIэу зэрыбухуэнумрэ теухуа къыдэкIыгъуэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Джаэз Тамарэрэ Дыщэкl Анетэрэ Тэрч къалэ дэт курыт еджапIэ №2-м илъэс куэд щIауэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щ1агъаджэ. КъыдэкIуэтей щIэблэм бзэмкIэ щIэныгъэ куу ябгъэдэлъхьэным егупу егъэджакIуэ Iэзэхэм иджыри зэ нэрылъагъу къыщIащIащ сабийм и зэхэщIыкIым зегъэужьыныжьмкIэ анэдэлъхубзэм иIэ мыхьэнэр зэрыгъуанапкъэншэр.

ЕджакIуэхэр бзэ щIэныгъэм дезыгъэхьэх Iэмалхэм кIуэ пэтми къахэхъуэ зэпытщ. Апхуэдэщ зэманым къыдэкIуа технологиещIэхэри. А псоми ятеухуа Iуэху епльыкIэхэмрэ чэнджэщ щхьэпэ-хэмрэ фыщрихьэлIэнущ мы къыдэкIыгъуэм. Ар Iыхьищу гуэшауэ зэхэтщ. Зэрырагъаджэ Iэмалхэм теухуа мы тхылъыр дэтхэнэ зы егъэджакIуэми сэбэ-пшIхуэ къыхуэхъунущ адыгабзэ дерсхэр гъэщIэгъуэну икIи удахьэхву уха хъунымкIэ.

Диктантхэр, изложенэхэр, классщIыб лэжьыгъэм тегъэщIа тепльэгъуэхэр, уэрэд цIыкIуэхэр итщ абы.

ЗЭРАМЫЩIЭ Марьянэ.

● Егъэджэныгъэ

Куэдым къахуэсэбэпынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ «Шынагъэншагъэм и мазэ». Абы ипкъ иткIэ «МафIэдзыр сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпкъым» къыхуеджэныгъэм щIэту «Бжэ зэIухам и махуэ» мафIэс часть №9-м щрагъэкIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм КIэлъыплъныныгъэ IуэхугъуэхэмкIэ Дзэлыкъуэ куейм щиIэ къудамэм, республикэм МафIэсым пэщIэтыныныкIэ и къэрал къулыкъум и гуп №3-м я лэжьакIуэхэм.

ЗЭIУЩIЭМ кърагъэблагъат Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт еджапIэ №1-м и лэжьакIуэхэмрэ школакIуэхэмрэ. МафIэсгъэункIыфI Iэщ1агъэм, абыхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам теухуауэ сабийхэм куэд къащIащ. Абыхэм мафIэс частым зыщ1агъэпльыхьащ. Ныбжьыщ1эхэр дахьэхат мафIэсгъэункIыфI автомашинэхэм, аварие-къеГъэлакIуэ Iэмэпсымэхэм. ШколакIуэхэм ялъэгъуащ мафIэсгъэункIыфIхэм фащэр псынщIэу зэрыщат1агъэр, езыхэми ар зрагъэпщэну Iэмал ягъуэтащ. Сабийхэм драгъэкIэкIащ лекцэхэр, псалъэмакъэр, зэпеуэхэр, викторинэхэр. Абыхэм нэхъ хъыджэру хэтахэм фэеплъ сувенирхэр ираташ, мафIэсым зыщ1ыкъумэным хуэзыщий видеоматериалхэр ирагъэльэгъащ.

Iуэхущ1апIэм и плъыр гупым я лэжьакIэмэ щ1агъуазэ ящ1ащ школакIуэхэр. Ныбжьыщ1эхэм гъэщ1агъуэн ящ1ыхъуащ автоцистернэм зыз1эрыз1эуихыр, мафIэсыр псыкIэ зэрагъэункIыфIыр.

«Шынагъэншагъэм и мазэр» мы гъэм щыщхьэуIуи и 14 - фокIадэм и 12-хэм ирагъэкIуэкI. Абы цIыкIуэхэр сакъыныгъэм щ1ыхуауущ, къытщ1ыхъэу щ1эблэр, къызэрымыкIуэ щ1ытыкIэ къэхъумэ, зэрызаIыгъыпхъэм щ1ыхуагъасэ.

КУЭЦЭ Ратмир,
КъБР-м МафIэсым пэщIэтыныныкIэ и къэрал къулыкъум и пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Шынагъэншагъэм и мазэм» хиубыдэу

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр
Хьэфiыцэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхъ секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдзэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытехэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщ1э дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгуэрым и 14-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щ1ытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Чэрим Марианнэ, корректорхэу IэхытIыкI Азэмэт *(1, 2-нэ)*, Мырзэкъан ФатIимэ *(3, 4-нэ)*. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящ1ащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1816